Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 19 (7315)
9 Май 2018 сон
АрбагI
sadovoduns@yandex.ru
Багъа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## БахIарзазул байрам



Жакъа тIолабго улкаялда цадахъго нилъер районалъул гIадамаз рекIелъ рохалил асаргун кIодо гьабулеб буго щивасе бищун гIагараб праздник – немцазул фашизмалда тIад Советияб халкъалъ кIудияб бергьенлъи босаралдаса 73 сон тIубаялъул байрам.

Гьеб къо лъугьана дунялалъулго тарихалда бищунго гIассияб ва захIматаб рагъулъ Советияб халкъалъ, гьелъул бахIарчиял рагъулал къуватаз цIар рагIараб бергьенлъи босиялдалъун дунялго хIайранлъараб къолъун.

КIиабилеб дунялалъулго рагъулъе фашистаз цIан рукIана 6I пачалихъ, армиялде ахIун вукIана II0 миллион гIанисев солдат ва офицер, 60 миллионгIан чияс гIумро кьуна рагъда. Немцазул фашистал нилъер улкаялде тIаде кIанцIана тIолалгоязде гIагарун Европаялъул пачалихъалги мутIигI гьарун. Гьезул къуватги нилъеразулалдаса 2-3 нухалъ цIикIкIараб букIана. Рагъул авлахъалдаго Гитлерил фашистазул къасд букIана хехаб куцалда СССРги кодобе босизе. Амма кватIичIого гьезда бичIчIана жидер планалги къасдалги мекъи рукIин. Хасго Москвалде жанире лъугьине бажаричIолъиялъги, Ленинград цIунаразул къо хIехьеялъги, Сталинградалда жидедаго щвезабураб кутакаб кьабиялъги, Северияб Кавказалде церехун риччачIолъиялъги рекIеда ратизарурал фашистазда бихьана гIагараб ВатIан цIунизе Советияб халкъалъул бугеб таваккал.

Тушманасда тIад бергьенлъи босиялъулъ бахIарчияб бутIа лъуна Дагъистаналъги. МугIрузул улкаялъ ВатIан цIунизе рагъде ритIана I80 азаргогIанисев чи. Гьездасан рагъул авлахъалда хутIана 90 азарго рагъухъан. Нилъер районалдасаги дол саназда рагъде ана 950 чи, гьездасан жакъасеб талихIаб къоялъе гIоло жидерго гIолохъанаб гIумро кьуна 543 чияс. Рокъоре тIад руссун рачIарал 4I0 чиясдасан жакъа къоялде чIаго хутIун гьечIо цониги чи.

Рагъда дагъистанияз бихьизабураб гьунаралъе тIадегIанаб къимат кьуна ВатIаналъ. МугIрузул улкаялъул 58 чиясе кьуна Совет Союзалъул БахIарчиясул цIар. ГIемерал рагъухъаби мустахIикълъана орденазе ва медалазе.

Жакъа ракI-ракIалъ баркула районцоязда, хасго тылалда хIалтIаразда КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 73 сон тIубай. Гьарула щивасе сахлъи, рохел, талихI, роцIараб зоб, гвангъараб бакъ. Биччанте нужеда киданиги рагъул гъугъай рагIунгутIизе!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**

## Ветераназде

Ассаламу гIалайкум, цIадулал васал,
ЦIар даим хутIарал рагъул гъалбацIал,
Ругънал картIазда тIад кенчIарал цIваби,
Курмул рорларалъур рарал орденал.
Кин ругел нуж гучал багъадурзаби
Бидулаб хвалдаса бергьараб наслу,
Басрияб дол ругънал ссудулел ругищ?
Сабурал беразул нур дагълъун бугищ?
Нуж гIадал бахIарзал херлъулеб мехалъ
Хасел инагьдула, рии угьдула,
Харабазул кьерал чарлъулеб мехалъ
Чабхил кIкIалабахъе иххал кIанцIула.
Доб ритIухълъиялъул рагъдаги бергьун,
Берлиналъул тIохда байрахъ чIварабго,
Дида ккун букIана гьаб дунялалъул
Нуж бищун ахирал рагъухъабийин…
Бищун тIарадасан тIекълъи кIанцIана,
ТIиналда ругехъе ритIухълъи щвечIо,
Нуж кIиго кьалалъул бакъулъ хутIарал,
КIийихъан херлъана заман щвелалде.
Нужеца цIунараб цIар араб улка
Кесказдe къотIидал къулана гьодал,
Къимат тIадегIанаб халкъалъул вацлъи,
Бидул тIанкIаз хъублъун хъахIлъана бутIрул.
Нуж даим хутIана атакаялда –
Инжитлъи тIагIине тIаде рортулел,
Нуж жакъаги руго хIикматаб рагъда –
ХIалихьалъиялде гIанса хьвагIулел.



КIудияв вацасул гъумер бухулев
ГьитIинав вацасул гьаб заманалда,
Нужер гIадлуялда гIадалъ хъат барал
ХъамалчагIаз буго чурхъулеб ВатIан.

**М. ГУНАЩЕВ**

Европаялъул Чемпионат

## Чемпионаталъул гIарцулав призер



2018 соналъул 27 апрелалдаса нахъе Дагъистаналъул шагьар Каспийскиялда унел рукIана спортивиял речIчIухъанлъиялъул Европаялъулго Чемпионат. Гьелъул программа рагьана Европаялъул I4 улкаялъул греппелаз. Европаялъул унеб бугеб Чемпионаталъул грэпплингаялъул къоялъ Россиялъул тIаса бищараб командаялъе босун бачIана 24 батIи-батIияб даражаялъул медалал. Гьезда гьоркьор руго тIадегIанаб пробаялъул, гIарцул, мазгарул медалал. Бихьиназ росана 8 меседил, 5 гIарцул, 3 мазгарул медалал. Руччабаз – 3 меседил, 3 гIарцул ва 2 мазгарул.

84 кг. цIайииялъул категориялда хIурматияб бакI ккуна къецазда Унсоколо районалъул Унсоколо росулъа ГIабдулаев ХIажимурад МухIамадовичас, щвана гIарцул медаль.

РакI-ракIалъ баркула ракьцоясда рохизарулеб хIасил!. Кидаго вукIа цевехъанлъун, росе жеги чIахIиял рорхалъаби, цевегIей ва нахъ валагьичIого цевехун а!. Божарал руго дуда цере жеги гIемерал бергьенлъаби рукIиналда!

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 19 (7315)*

*9 Май 2018 сон*



**Эркенаб гугариялъе, руччабазул ва греказулгун римазул къеркьейлъе Европаялъул Чемпионаталда унго-унголъунги старт къун букIана 30 апрелалда. 35 улкаялдаса 500 атлетас гIахьаллъи гьабуна гьениб.**

**Чемпионат къана 6 маялда. Гьелъул иналъе лъикIаб къимат кьолеб буго турнир гIуцIаразе специалистаз**



Дандельи

# Аппараталъулаб совещание



Маялъул праздниказда цересел къоязда гьезде хIадурлъия лъул суалги гьоркьоб лъун аппараталъулаб совещание тIобитIана бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьениб гIахьаллъи гьабуна райадминистрациялъул жавабиял хIалтIухъабаз, росабазул бутIруз, учреждениял-организациязул нухмалъулез.

Совещаниялда бетIерас кIвар буссинабуна маялъул праздниказда ва Европаялъул чемпионаталда цебе гьаризесел хIалтIабазде; гIолилазе бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабиялде, тадбирал тIоритIулаго сурарал ишал ккечIого иналъе цIодорлъи гьабиялда хурхарал рукIана гьел. Бицана школалда ЕГЭялде хIадуриялда, лъималазул кванил бугеб хIалалда, росабалъ ракьал тIад хъваялда, росдал магIишат битIун бачиналда, Европаялъул къецал тIоритIулаго ахIи-хIуралъул лъугьа-бахъинал ккунгутIиялъе гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабизе ккеялъул.

Росдал магIишаталъул бицунаго бихьизабуна А-М. Абулмуслимов РДялъул росдал магIишаталъул министрлъун вачIаралдаса гьеб рахъалде бербалагьи хисаниланги, кIудияб рес щвана батIи-батIиял кумекалъулал программаби хIалтIизарize росдал магIишат бачунаго, гьелъ рес кьун бугин районалъул магIишат лъикIлъиялъеги,-абун.

Росабазул бутIрузда сезоналъулал цIадал раялъ иххал рачIинеги бегьулин, цIодорго чIа,-ян бихьизабуна.

Школалда лъималазе кьолеб кванил суалалда хурхун: «Лъималазул сахлъиялда тIад экономия гьабизе бегьуларин» бихьизабуна бетIерас. КIалъазе яхъарай М. ХIасановалъ тIадчIей гьабуна бесдал лъимал гIахьаллъараб акция тIобитIулеб бугин 29 апрелалда МахIачхъалаялъул парк-аукционалда,- абун.

Жидерго бутIабазда хIалтIул бугеб хIалалъул бицана ГI. ГIабдулаевас, Л. МухIамадгIалиевас.

# ГIолилазе насихIат

Гьал къоязда гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул, спорталъул ва туризмалъул отделалъул нач. А. МухIастанов ва гьебго отделалъул ведущий специалист М. ГIабдулхаликъов щвана ЦIатIанихъ, Колоб, ИштIибури росабалъе, данчIвана гIолилалгун. ДандчIваялда бицана гIолилазул социалиял суалазул, экстремизм-терроризмалде данде рахъиналъул. Гьениб гьабураб жиндирго кIалъаялда А. МухIастановас абуна: Сверухъ ругездехун нилъ цIодорго ралагьизе ккола, социалиял сетазда бугелъ гьоркье рехизе чIезе бегьуларо, кинаб букIаниги экстремизм-терроризмалъул рахъ ккеялъул сетазда щибниги лъезе бегьуларо, рахъ ккоге гьеб идеологиялъул. Гьеб балагьаб, заралияб буго, гIумро гьабиялъе данде кколареб буго. Нилъерго имамазухъ гIенекке, киналъулго ритIухълъи лъазабе, нужерго хьвадиялда хадуб хал кквей,-ян.

Гьеб гуребги гIолилазда гьоркьор рикьана ахирисеб районалъул терроризмалде данде чIеялъул комиссиялъул заседаниялда хIадурарал памяткаби. Гьезда чIванкьотIун рихьизарун руго пособникал ккуралъухъ букIунеб тамихI, гьединго информация кьун буго законалде данде кколаредухъ цIунараб ярагъ жидеего бокьун нахъе кьеялъул бугеб лъикIлъиялъул.

ЦIалдохъабазул форум

# *«ХIажат буго сахаб гIел»*

Апрелалъул ахиралда районалда букIана «Сахал гIолилал – районалъул ва республикаялъул букIинесеб»,- абураб темаялда форум. Гьеб тадбир гIуцIарайлъун цее яхъана саназде рахинчIел лъималазулгун хIалтIи гьабиялъул бихьизабуна: «Жакъасеб форумалъул сахал гIолилазда хурхараб темаго букIана кутакалда заманалда рекъараб. ГIолилазе хIажат буго сахаб рухI-жан, сахаб черх, хIалтIиялъе, церетIеялъе, талихIаб гIумроялъе, ВатIан



«Унсоколо район» МОялъул вед. специалист П. НурмухIамадова. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, РДялъул руччабазул Союзалъул пред. И. Мамутаева, халкъазда гьоркьосеб «Кавказ» ассоциациялъул президент Х. Валиева, «Женщины Дагестана» журналалъул редактор Н. Керимова, поэтесса ГI. ГIалиева ва цогидалги.

Жиндирго кIалъаялда ГI. НурмухIамадовас абуна: «Хириял гьалбал, дун кутакалда вохарав вуго тарбия кьеялъул ишалъе кIудияб кIвар бугеб гьаб тадбиралда нужеда дандчIвазе щвеялдаса. Нилъее жакъа хIажат буго рухIияб рахъалъ ва чорхолъ сахал гIолилал. Терроризмалдаса нилъ бергьана, гьаб наркоманиялдасаги бергьинин хьул буго. Щивав эбел-инсуца, щивав тарбиячияс гьабулеб буго школалда цIикIкIараб хIалтIи. Цадахъаб хIалтIудалъун нилъ рачIине руго лъикIал хIасилазде.

Дица ракI-ракIалъ баркала загьир гьабула нилъехъе рачIаразе. Гьеб буго гьезул рахъалдасан нилъеда ва республикаялда ракI букIин».

Жиндирго кIалъаялда И. Мамутаевалъ цIуниялъе.

ГIамал-хасияталъул рахъалъ сахаб гIелалъул гIемераб чIаголъи букIине буго нилъее. Биччанте нужеда киданиги квешаб къо бихьунгутIизе»,-ян лъугIизабуна гьелъ жиндирго магIна гьвариdab кIалъай.

Программаялда рукIана Генуб гьоркьохъеб школалъул «Нижеда кIочон гьечIо ва даим ракIалде щвела»,-абураб сценка. Гьениб бицунеб букIана 2004 соналда Бесланалда чIварал гIайиб гьечIел лъимал-цIалдохъабазул, гьединго цере рахъана ансадерил XI. МухIамадовасул цIаралда бугеб «Унцукульцы», «Счастье гор» ансамбляги.

Шамильхъалаялъул школалъулги букIана кутакалда интересаб ва гIемераб жоялде кантIизарулеб цецерахъин. Гьезул программаялда рукIана исценировкаби, кьурдаби, кучIдул.

Наркоманиялъ инсанасе кьолеб зараlалъул бицун кIалъана Х. Валиева.

Форум гIолеб гIел кантIизарулеб ахIвал-хIалалда ана.

# Пайдаял нигIматал

**Инсанасда лъазе лъикIаб буго квандасан, даруял хурдуздасан ва тIабигIиял нигIматаздасан сахлъиялъе мунпагIат босизе. Гьоркьехун рехсолел руго хехаб кумекалъе гьезул цо-цоял.**

1). Щибаб къоялъ мачIикьго гьекъела цо-цо кружка гьогьомараб лъел. ДагьабгIаги лъим гьекъела щибаб ригьалъги, ургьимес бацIцIалъизе.

2). Щияб гьаваги буго инсанасул сахлъиялъе цIакьго пайдаяб дару. Кваналарев, чорхолъ гIузраби ругев чи (лъималги батIалъи гьечIо) лъел чвахи бугеб бакIалде рачине ккола.

3). ХIалцаца гьанкъулеб лъимадуе кьола багIараб тIегь бугеб лъабгIиналъул (клевер) лъим. Ццидахун яги ракI бакъван лъугьунел ругони, ракI кьабулеб бугони, гьебго лъиналъ кумек гьабула. (Гьеб даруяб хер аптекабазда бичулеб букIуна).

4). Беразул давление бугони, гьединго хьал лъугьунеб бугони, дерец (поснежник) тIегьалъул лъим бахина бераздa.

5) Черхалъулго бидул тIадецуй (давление) цIикIкIун бугони, кьела ражипер ва лимон, бегьула гIалхул куракул лъимги

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 19 (7315)*
*Арбагl*
*9 Май 2018 сон*

3 гьумер


Рагъдаса руссарал херал солдатал
Санал анагIан нуж дагьлъулел руго,
Гулбузе къуркьичIел, кьалул бахIарзал
Кьерда чIезе гIурал хутIун гьечIо нуж.

ЧIумал тIолел руго, сонал анагIан
Солдатал заназде сверулел руго,
Сверила гIасраби, гIела наслаби,
ГанчIазда цIалила гьез нужер цIарал!



## Гендерил бахIарчиял васал

## Капитан



Айгунов МухIамад ГIабдулаевич гьавуна Генуб росулъ. БагIараб армиялде тIадаб хъулухъ гьабизе ахIана I940 соналда.

Жиндирго рагъулаб нух Айгуновас байбихьана Прибалтийскиялъул рагъулаб округалдасан. Гьениб 46-леб кьвагьдохъабазул полкалъул бригадаялъул партшколаги лъугIизабун хIалтIана полкалъул I-батальоналъул 2- ротаялда политрукасул заместительлъун, I94I соналъул апрелалда витIана Смоленск шагьаралъул пехотаялъул училищеялъул офицерзабазул курсазде.

Рагъ байбихьарабго офицерасул лейтенант чинги кьун витIана Калининский фронталде. I942 соналъ вукIана кьвагьдохъабазул ротаялъул командирлъун. Гьебго соналъ кIудияв лейтенантасул чин кьуна 3-леб ударнияб армиялъул командующий, генерал лейтенант Цуркаевасул приказалда рекъон.

I944 соналда офицеразул составалъул тIадеги лъай босиялъул курсалги лъугIизарун 2- Прибалтийский фронталъул штабалъул приказалдалъун, кьун капитанасул чингун нахъеги рагъде витIана.

I944 соналда гIахьаллъана Прибалтикаялъул хIукуматал эркен гьариялъулъ. (гьел рукIана генера-лиял тIаде кIанцIиял).

ГицIаб жиндирго ротагун гIахьаллъана батIи – батIиял рагъазулъ. ТIуразаруна чанги кIвар бугел рагъулал тIадкъаял. Гьел тIадкъаял тIуразаруралъухъ мустахIикълъана «Кутузовасул» орденалъе. Гьел рагъазулъ Дивинское Фигоялъул Дагдо абулеб бакIал эркен гьарулаго лъукъана. Вагъана рагъ лъугIун бергьенлъи босизегIан.

Гьесул ротаялъ гIахьаллъи гьабуна I945 соналъул 9-леб Маялда Москваялъул БагIараб Майданалда тIобитIараб Бергьенлъиялъул парадалда, жидецаго немцазухъаса рахъарал байрахъалгун.

**Сураталда:** М. Айгунов

## Хваразул цIаралдасан

БукIунищ хваразе, жужахI, лъаларо,
Жеги чIагого гьеб бихьана дида,
ЧIваразе алжан щвей-эбги лъаларо,
Эниса вуссарав вихьичIо жеги.
Амма бихьана рагъ-балагьалъул рагъ,
Мегъалги хурзалги бица белъараб,
Лъимер эбелалъул каранда чIвалеб,
ЧIварай эбелалда лъимер хахулеб.
БукIана, гьудул, рагъ гьужумалдаса
Гьеб кканин бицине чи тIад вуссинчIеб,
ТIолго ротаялъул хьизамазухъе
Зигара бан кагъат цо кьоялъ хъвараб.
Гьедин рагьана ниж цIадул коронир,
ЦIа нужеда хьвазе теларин абун.
Хадусеб гIелалъе гIумро цIунизе
ГIолохъанлъиялъе рокьи цIунизе.

**ГIабдулмажид ХАЧАЛОВ.**

# Гама хвасар гьабурав



МухIамадгIалиев ГIабдулагь гьавуна Генуб росулъ. I940 соналда Генуса Айгунов МухIамадгун цадахъ Прибалтиялъул рагъулаб округалде ккана гьел тIадаб хъулухъ гьабизе. Рагъ ккелалда цебе, гьениса офецерзабилъун цIализе чагIи тIаса рищулелъуб, Айгуновас гьасда абун буго; «Нилъги рилъани лъикI гурищ, МухIамад, офицерзабилъун цIализе» -ян. Гьес жаваб гьабун буго: «Йохъ, вац МухIамад, дун офицерлъунги вахъун анивго чIезе регIарав чи гуро. Дир херай эбел йиго рокьой, дица милат гьабизе кколей»,-абун. Рагъ ккун хадуб ГIабдулагьил рокъов вукIарав вац МухIамади витIула рагъде. Гьелги кIиялго вацал нахъ руссинчIо. Айгунов капитанлъунги вахъун сах- саламатго тIад вуссана, амма ГIабдулагьил къисмат гьадин ккана: ГIабдулагь вукIана кечI-бакъан хирияв чи. Гьес пандуралда бакънал рачунаан ва къали кьабулаан. Гьезул бакъаналда гьоркь кьурдизеги кьурдулаан. Рагъуда гьоркьоб заман бугониги, хIалхьуда ругеб заман бугониги ГIабдулагьица хантIан тIамур кодобе босулаан ва ахIулаан жиндирго ругьунаб рокьул кечI. Гьев вукIана батальоналъул ракIгьезабулев кочIохъан.

I94I соналъул 29 июнь… КIиабилеб анкь унеб буго бащад гьечIеб рагъул. Эстониялъул Саарема чIинкIиллъиялда чIарал рагъухъабазда гьоркьов вукIана Генуса мухъилав – пулеметчик, 20 сон барав МухIамадгIалиев ГIабдулагьги. Рагъухъабаз цоцазда абулеб букIана ГIабдулагьие кидаго битI кколилан. Гьев жиндирго пулемётгун гохIил цо танкалилъ, кьвагьдезе санагIатаб бакIалда, лъикI вахчун, щулаго вукIана. Абулаан гьев щулалъараб бакIалда нахъехун цIорораб ищгицин бугилан. Рагъухъабазда лъалаан, гIемер кьвагьдон пулёметалъул хIара багIарарабго тIаде тIезе лъим гьесие кидаго хIажалъулебльи, гьеб мурадалъе букIана кидаго жинцаго гьекъечIогоги лъим манархьоялда жаниб гьес цIунулебги.

Тушманасул бетIераб кьокъа баккана, рагъухъабиги ритIун старшинаяс чIараб доб «картошкаялъ» жиндирго иш гьабуна, гьаваялде кьвагьизаруна гьелъ гитлерил солдаталги техникаги, тохлъукьего. Цоцазда тIаде-гьоркье ккарал гьура-чункарал машинабаз хадуб бачIунеб букIараб къуваталъе нух къана, гьениб ахIи-хIур багьарана, гьеб кьваригIун букIана нильеразеги.

Командирасул сонисеб хIисаб мекьи ккечIо-цоги рахъалдасан сверун Виртсуялде вачIунев вукIарав тушман бадиса бадиве дандчIвана. Байбихьана бащадаб гуреб рагъде. Гитлерилал нахъеги церехун рачIине лъугьана.

Батальоналъ цадахъ киназго гьесда тIад цIа лъуна. Тушман виххана, гьесул техника нахъеги лъалхьана, амма цо танк лъалхьичIого бачIунеб букIана битIахьего нильеразде тIаде. Хадуб бачIунеб лъелаб аскаралъе гьелъ нух бацIцIад гьабулеб букIана. Гьеб гIагарлъана батальоналъул ротаялъул командир Козлов жидеда нахъа вахчарал гIисиналго хьархазда цебе. Козловас тIаса гьоркье рехун араб гранатабазул гури гIадалъ щвараб танк, цин тIуркIана, цинги хьирхьидана, нухлул чIабар хачазе лъугьана, щекьер кьотIараб оц гIадин, рухI бахъулаго, сородана. Лъукъараб танк жидерго нухдасан нахъе бачине - цогидазе нух рагьизе автомашинабаздаса гьоркье кIанцIана фрицал.

- Агьа, гьеб гурищ нижее кьваригIун букIараб, гьанже балагьилин къуват киназул цIикIкIунебали, сихIру киназул бергьунебали!?

- Огонь! – абун гьаракь гьабуна капитан Звездиница.

Гьачагъазе цIаги хвелги босун арал батальоназул гулбуз чвахун цIад бана, шагьра нух бидулазул биялъ багIар гьабуна цо минуталде. Бищунго лъикI хIалтIана ГIабдулагьил пулемёт.

Амма жеги ахир лъечIо фашистазе. Гьезул къуват цIикIкIараб буго: битIахьего цIа пузе лъугьана цо бронемашина, тIасан паркьун ана самолет «Юнкерс», гьугьадана гьаваялда рихъулел минал, бана гIарада, цIадул мацIал гIадал хьазмил багIарарал кесказ кIурун ралел рукIана нильерал рахчарал хьархъалги накIкIигьутIбиги. ЦIа рекIана хьархъазда, минуталда жаниб тIад бигьараб, кутакалда берал рухIулеб чIегIераб кIкIуйца ракьго бахчизабуна.

Командирасул куц-мухъ лахIуца бельун букIана, гурде-тIажу хьархъаз чIала-чIалал рахьун, бихь-бихьун букIана. ХIалуцарав гьев сагIтихъ валагьана, цинги батальоналдехун гьаракь гьабуна: - Саарамаялде тIад руссине доб нильецаго бахчун тараб гамихъе нух бахье, тушманасул кIичIикье ккелалде. Лъукъарал гьоркь тоге! ЯхI бахье! Жигар! – абун

Рагъухъаби гьеб буюрухъалъе мутIигIлъана. Гьанир тушбабазда цере хвезегIан, киналго вацал гIадин, ралъдал тIиналде рукьиго тIаса бищана гьез.

Щвана гамихъе, сахаз лъукъаралги мугъалда чIван раччулаго ва гьеж ккун цо-цояв хадув цIалаго гамиде рахунел рукIана, тушманас тIаде балеб гуллида гьоркь.

Гьанжеги лъугьана ГIабдулагь кьвагьдезе – тIаде кIанцIун вачIунев тущман чIезавизе, гамиде рахунел гьалмагъзабазе кумекги гьабун, гьужумалъ тIаде ртортулел гитлерилазе нух къазе.

Киналго гамиде рахун лъугIана, ГIабдулагь жегиги вагъулев вукIана. Гьес гитлерилал хер гIадин рецун ралел рукIана. Гьеб рагь лъикI бихьулеб букIана гамида тIасан балагьаразда.

Зама-заманалдасан гьесул цIа бахун багIар-лъараб гьумер кьурун буссун гама бугеб рахьалде балагьулаан. Гьанже ГIабдулагьил пулеметалъул тIвар-тIвариги, гамиде рахине хехлъи гьабеян гьалмагълъиялъго балеб ахIиги ва дун багьаризехьин бугилан жибго гамица балеб ахIиги- кинабго цоцалъ жубана.

-В-а-а-а, ГIабдулагь! Гама багьаризехьин буго, рехун те кинабго, векере! – ян магIарул мацIалда Абакарил гьаракьги гьесда рагIичIо. Гьеб гьаракь гьороца хьамун карачелазулъ тIибитIана ва жаниб букьана.

Пулемёт чIана, ГIабдулагь вачIинчIо. Гамида ругезда бичIчIана ГIабдулагьица гIадада рухI кьунгутIи, жинцаго кочIолъ ахIухье, ахираб хIукму гьаби жиндирго гIумруги кьун. Гамаги гамида ругел гьалмагъзаби рагIалдаса ратIалъана, гьелъ нух босана Саарема чIинкIиллъуде балагьун.

Батальоналъул командир А. А. Звездиница, тушманасул цIеца чIурхIарал керчал кьунсрузда гьоркьан свакарал берaз валагьулаго, гьаругьин тIагьур тIаса бахьана, гьес гIадин тIолабго нахъе хутIараб батальоналъги тIагърал рахьана. Гамицаги гьабуна пашманаб гьаракь. Батальоналъул ракI эхетизабулев кочIохъан ГIабдулагьилгун ахирияб кьо-лъикI гьаби букIана гьеб.

Щиб лъалеб ГIалил ГIабдулагьица жиндирго доб кьалул кечI ахираб нухалъ би тIагIун ракъвалел кIутIбуз щурун батизеги бегьула:

**…БухIараб магIу тIун, гIодуге улбул,**
**ГIадада васаца кьезе гьечIин рухI!...абун.**
**Амма, рагъул вацал цIунун тIураб би,**
**ВатIан бокьулезда кIочон теларо!!!**

Даимаб рецц ВатIаналъе гIоло рухI кьуразе!

**Гьумер хIадур гьабуна Генуб музеялъул нухмалъулев М-ХI. ГIАДБУЛАЕВАС**

Конкурсал

# Рагъулаб темаялда



КIудияб Бергьенлъиялъ 73 сон тIубаялъул хIурматалда гьал къоязда Шамильхъалаялъул Лъималазул творчествалъул Рокъоб кучIдул цIалиялъул конкурс тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана ДДТялда цIалулел, I0-I2 сонил гIумро бугел лъимал. Щивас цIализе кколаан КIудияб ВатIанияб рагъда хурхарал кучIдул.

Жюриялда гьоркьоре унаан поэт-краевед ХI. ДарбишхIажиев, гIурус мацIалъул учительзаби ГI. ХIамзатова, ГI. Ибрагьимова ва «Голос гор» сетевияб газеталъул редактор М. СултIанова. Гьединго хIурматияй гьобол хIисабалда ахIун йикIана поселокалда гIумро гьабулей К. Кондратенко. Гьелъ бицана рагъда тIагIарал, хварал жиндирго гIагаразул. Конкурсалда гIахьаллъана саназде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ инспектор ХI. Чупанов. Тадбиралда гьоркьо-гьоркьоб гьес бичIчIи кьеялъул гара-чIвариял гьаруна лъималазулгун, лъикIаб къимат кьуна тIобитIулеб тадбиралъе.

Лъималазда цере гьединго кIалъана ГI. ХIамзатова, ХI. ДарбишхIажиев. Гьез гьениб тIадчIей гьабуна гьваридаб магIнаялъул рагъул темаялъул кучIдуз гьабураб асаралда. Конкурсалда гьоркьоре инчIого цIалана машгьурал поэтазул ва жалго лъималаз гьарурал кучIдул. Бихьизабуна рагъул чIунтелазул бицунеб фильм. АхIана Р. ХIамзатовасул «Къункъраби» кечI.

ХIасилазда рекъон конкурсалда тIоцебесеб бакI гьоркьоб бикьана Камиль АжикIовас, Мадина ХIусейновалъ ва Марьям МухIамадовалъ.

# ЛъикIазул кьеразулъ



Араб анкьалда Дагъистана лъул тахшагьаралда тIобитIана «20I8 соналда гIумро гьабиялъе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул кьучIал лъазариялъул рахъалъ лъикIав учитель»,-абураб конкурс – халгьаби. Гьеб гIуцIараллъун цере рахъана Россиялъул РДялда бугеб МЧСалъул аслияб управление, лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерство, ТIолгороссиялъул жидеего бокьун цIа ккеялде данде къеркьеялъул общество.

Конкурс тIобитIана гIумро гьабиялда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе, ОБЖ кьолезул махщел камиллъиялъе, лъай борхиялъе, гьеб рахъалъ бажари бугел тIатинари-ялъе. Конкурсалда гIахьаллъана 49 чи. Гьенив гIахьаллъана Унсоколо № I школалъул ОБЖялъул учитель Н-М. ГIабдулаев. Гьедин жюриялде кьуна творческиял проектал, дарсазул презентациял, автомат цоцалъа бахъиялъе ва дандбаялъе, кьвагьдеялъе, цIа свинабиялъе, зарал ккарасе кумек гьабиялъе кьуна мастер-класс. Гьедин конкурсалъул хIасилал гьарулаго баянлъана НурмухIамад ГIабдулаев РДялъул ОБЖялъул учительзабазул лъикIазул I0 ялда гьоркьове ккун финалалде вачIун вукIин.

Н-М. ГIабдулаев ккола МОялъул ОБЖялъул учительзабазул цолъиялъул нухмалъулев, тIадегIанаб категориялъул учитель, РФялъул гIаммаб лъай кьеялъул хIурматияв хIалтIухъан.

# РекIелгъеялъе цIале

Экспедициялъул лъабгоял гIодор чIун хъощалъур гьекъолдулел рукIана. РакIалдаго гьечIого хъошалъуве векерун вачIуна китаялъулав ва ахIун абула: -Дун вуго Китаялъул генерал Хунь Мунь, дир армия буго щуго миллион чиясдасан гIуцIараб, ниж нужеде тIаде кIанцIулел руго, кверде рачIа!

-Огь, дур рукъ бухIаяв Хунь, нижеца гъурани гьевгощинав чи дуца киргIаги рукъизе ругел?!,-ян абула гьесда экспедициялъулас.

* * *

Армиялда политинформация гьабулаго взводалъул командирас солдатасда гьикъула:

-ГIабдурахIманов, щиб жо кколеб ВатIан?

- Лъаларо.

-Дур, эбел. БичIчIанищ?

-БичIчIана.

- Петров, гьая гьанже дуца бицея:

-Щиб жо кколеб ВатIан?

-ВатIан ккола, гьалмагъ лейтенант, ГIабдурахIмановасул эбел.

Спорт

# ТIад калам гьечIеб бергьенлъи



29 апрелалда нилъер тахшагьар МахIачхъалаялда унеб букIана Совет Союзалъул БахIарчи Ахмед-хан Султанил хIурматалда Дагъистаналъул квер жубан рагъул турнир. Гьениб гIахьаллъи гьабуна нилъер ракьцояв, Унсоколоса I0 сон барав ГIалиев Мурадица ва вахъана квер жубан рагъул Дагъистаналъул чемпионлъун. Бергьенлъи босана тIад калам гьечIеб къагIидаялъ.

БихьизабичIого гIоларо, рагъ букIана хIалуцараб, данде ругел рукIана къуватал. Мурад бергьана 30 кг. цIайиялда.

Баркула гьитIинав бахIарчиясда бергьенлъи! Гьарула спорталъулъ церетIеял, киналго байбихьиязулъ лъикIал хIасилал!

# БахIарчияб гIел кIоченарин

**ГIасрабаз сунге,-ян абе, араб рагъул ракIалдещвей БахIарзал рукIа,-ян абе, тIугьдузул ахикь тIерхьун.**

ТIаде щвана КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIун 73 сон тIубай кIодо гьабулеб 9 Май. Бицун бажаруларебгIанги рахIму тIагIараб рагъалъ миллионал гIадамазул гIумро босун ана. Гьел ракIалде щвезариялъе «БахIарзал даимго тIугьдузулъ тIерхьун рукIа абе»,-абураб темаялда акция тIобитIана Унсоколо № I школалда.

Гьелъул аслиял гIахьалчагIи рукIана гIисинал классазул цIалдохъаби. ГIуцIарал ккола директорасул зам. ГI. ГIабдулаев, учительница М. ГIабдурахIмановаги. ГI. АхIмаднабиевичасул гIемерсаназул хIалбихьи буго класстун къватIисел хIалтIаби гьариялъе, гьесул видеороликалъ районалда тIоцебесеб бакI ккун букIана. Байбихьул классазул учительница, гьунар бугей педагог М. ГIабдурахIмановаги ккола творческияй гIадан. Акциялъул аслияб мурад буго гьитIичазул рагъул ахIвал-хIалалъулгун лъай-хъвай гьаби.

Акциялъул лахIзатал лъезе руго социалияб сеталда, истаграммалда. Гьумер гьабизе буго МКОУ «УСОШ № I @uncukul_(яги #акция УСШ №I).

ЦIунизин араб гIелалъул хIакъалъулъ ракIалдещвей.


| | | | |
|---|---|---|---|
| Газета основана 1937 г.<br><br>УЧРЕДИТЕЛЬ:<br>Администрация<br>Унцукульского района<br><br>Главный редактор<br><br>КЕБЕДМАГОМЕДОВА<br>САНИЯТ<br>КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД<br><br>Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.<br><br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции:<br>51373<br>Унцукульский район<br>п. Шамилькала<br>ул. М. Дахадаева 3<br>Телефон редактора<br><br>89896522856<br>sadovoduns@yandex.ru<br>398940 | Адрес издателя и типографии<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br><br>Подписано в печать - 8. 5. 18 г. 13.20<br>фактически -17. 50 мин.<br>........................................<br>Газета выходит 52 раз в год<br>на аварском и русском языках<br>Тираж - 1000 экз. |